УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2021-2-49-58-66

# ХЭГЪЭХЪУЭНЫР ПСАЛЪЭУХАМ И ПКЪЫГЪУЭ ЕТIУАНЭХЭМ ЯЩЫЩ ЗЫУЭ АДЫГЭБЗЭМ ЗЭРЫЩЫТЫР

**Жылэтеж Хьэжысмел Чылэний и къуэ**, orcid.org/0000-0002-6040-9524, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» «Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал (Налшык, Урысей), hazismel@mail.ru

Адыгэбзэм и хэгъэхъуэныр и кIэм нэсу зэпкърыха мыхъуа псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэщ. Лэжьыгъэм дыщытопсэлъыхь хэгъэхъуэным мыхьэнэ (семантикэ), грамматикэ и лъэныкъуэкIэ бгъэдэлъ нэщэнэхэм. Адыгэбзэм и хэгъэхъуэным щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэ елэжьын зэрыщIадзэрэ куэд щIами, абы теухуауэ иджыри зэхэгъэкIыпхъэ Iуэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, хэгъэхъуэныр бзэм къызэрыхагъэкI щIыкIэр, хэгъэхъуэн къалэн ягъэзащIэу къакIуэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэмрэ абыхэм къагъэлъагъуэ плъыфэхэмрэ зыхуэдэр, хэгъэхъуэным псалъэзешэ гъэпсыкIэ игъуэтхэр. Абыхэм нэмыщIкIэ щыщIагъэ ину къыдолъытэ хэгъэхъуэным теухуауэ адыгэбзэкIэ щыIэ лэжьыгъэхэр зэрымащIэ дыдэр. Адыгэбзэ бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэхэр къэдгъэсэбэпурэ, мы къедбжэкIа Iуэхугъуэхэр зэхэгъэкIыным теухуащ мы лэжьыгъэр.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, хэгъэхъуэн, псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэ, псалъэ лъэпкъыгъуэ, синтаксис къалэн, псалъэзешэ гъэпсыкIэ.

Адыгэбзэм хэгъэхъуэныр япэ дыдэу къыхэзыгъэкIар Нэгумэ Шорэщ [Ногма 1959: 148]. Абы лъандэрэ, псом хуэмыдэу XX лIэщIыгъуэм и 30–40 гъэхэм щыщIэдзауэ, щIэныгъэ бгъэдыхьэкIэкIэ хэгъэхъуэным елэжьащ бзэщIэныгъэлI пажэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ: *Борыкъуей ТIутIэ* [Борукаев 1932], *Яковлев Н.Ф.* [Яковлев 1948], *Къардэн Бубэ* [Грамматика…1957], *Дзасэжь Хьэсаниш* [Дзасежев 1969], *Урыс Хьэтэлий* [Урыс 1994], *Къэмбэчокъуэ Iэдэм* [Камбачоков 1997] сымэ, нэгъуэщIхэри. ЕплъыкIэ зэхуэмыдэхэр яIэми, мыбыхэм я къэхутэныгъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ хэгъэхъуэныр иджырей адыгэбзэм лъэ быдэкIэ зэрыщыувам. Абы къыдэкIуэуи, гу лъомытэу къанэркъым абыхэм я лэжьыгъэхэм урысыбзэ (дунейпсо) терминхэр (фIэщыгъэцIэхэр) куэду къызэрыщыхьам икIи ахэр бзэм къызэрыхэпIиикIым. А щыщIэныгъэр зэгъэзэхуэжынми теухуащ мы ди лэжьыгъэр.

Хэгъэхъуэныр – ар псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэщ, гъэзэщIэным хэлъ лэжьыгъэр зытехуэ предметыр, щхьэр е лэжьыгъэр зралэжьэкI, зралэжь предмет къегъэлъагъуэ. Хэгъэхъуэныр гъэзэщIэным и гупым хохьэр, зэдэхуIурыщIэныгъэ синтаксис зэпхыкIэкIэ абы епхауэ щытщ. Псалъэухам абыхэм яку дэлъщ объектнэ зэхущытыкIэ.

ЛэжьыгъэцIэ гъэзэщIэну къэкIуам и мыхьэнэм елъытауэ (хьэлым игъэбелджылым), адыгэбзэм хэгъэхъуэным и мыхьэнэм плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэфынущ. Къапщтэмэ, хэгъэхъуэным къегъэлъагъуэр:

1. Iуэхугъуэр зыхуэгъэза объект е Iуэхугъуэм кърикIуар: *Етэч **шы** къэрапцIэр щIалэм иритащ; Лъэпщ **джатэ** ищIри фIидзэжащ* [Нартхэр 1995: 34].

2. IуэхугъуэкIэ зэпыча хъу щIыпIэ, кIуэныгъэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэцIэм и гъусэу псалъэухам и пкъыгъуэу хэгъэхъуэныр къэхьамэ: *НэхъыщIэм иутIыпща шабзэшэр **пшэм** пхылъэтащ* [Адыгэ IуэрыIуатэ 1999: 191]; *Хьэсэн **псым** зэпрысыкIащ.*

3. Iуэхугъуэм и екIуэкIыкIэр къыгъэлъэгъуэфынущ, а Iуэхугъуэр гупсысэм, жьабзэм епхамэ: (*Мухьэмэд:*) *Сымыгупсысэу* ***делагъэ*** *къызжьэдоху* [Къэрмокъуэ 2007: 145]; *ХьэщIэхэр зыхэхуа* ***Iуэхум*** *тыншу укъыхэкIыжыфынутэкъым.*

4. Iуэхугъуэр зыхуэгъэза объект: *Тенджыз губжьам и толькъунхэр* ***къыр*** *задэ лъагэм жьэхоуэр; Си псэм и щIасэ щIыналъэжьым и* ***мэ*** *дахэхэр зыщызмыгъэнщIу жьэдэсшэрт.*

5. ГурыщIэхэр зыхуэгъэза объект: (*Ксенэ:*) *Сэ уи* ***ныбжьэгъур*** *фIыуэ солъагъу* [Къэрмокъуэ 2007: 19].

6. ЩытыкIэр, гукъыдэжыр зыхуэгъэза объект: (*Гулэз:*) *Анчокъу и* ***псэм*** *сытошыныхь* [КIэрашэ 1989: 335]; *Ди* ***текIуэныгъэр*** *нобэ псоми ялъагъу.*

7. Iуэхугъуэр зыхуащIэ объект: *Мухьэдин къэб тхьэмпэ зэкIуэцIылъыр и* ***къуэшым*** *хуеший* [Елгъэр 1976: 44]; *Си* ***ныбжьэгъум*** *къамэр естыжащ.*

8. Зыгуэрым ирагъапщэ объект: *Ажалыр* ***бжэм нэхърэ*** *нэхъ благъэщ* [Нало З. 2008: 99]; ***ГъущIым нэхърэ*** *бдзапцIэр нэхъ хьэлъэщ.*

9. Iуэхугъуэр зыфIэмыфIу ялэжь объект: *Факъырэжь унэу Заурым* ***фэ*** *ар ефтыну фхуэздэнкъым* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 301]; *Мэзхъумэм* ***щIалэ цIыкIухэм*** *джыдэр къатрихащ.*

10. Iуэхугъуэр зэрагъэзащIэ Iэмэпсымэ: *Мухьэмэд* ***тракторкIэ*** *жэщ псом ващ*; *УхуакIуэм пхъэбгъур* ***пхъэхкIэ*** *зэпихащ.*

11. Iуэхугъуэр зыхуащIэ объект: *Бынхэр сытым дежи* ***анэм*** *дэIэпыкъурт; Хъыджэбзым псы пэгунитIыр* ***фызыжьым*** *хуихьыжащ.*

12. Iуэхугъуэр зэгъусэу здалэжь щхьэ: *Хэгъэрейхэм щыщ щIалэ* ***хьэщIэм*** *дыщIэкIащ.*

13. Объектым пэIэщIэ хъуныгъэ: *Бэгъэуш кIэбгъу зыкъищIри* ***гупым*** *къахэкIыжащ* [МафIэдз 1992: 24]; *И насыпыншагъэти, Хъанджэрий а махуэм* ***пщIантIэм*** *добзэхыкI* [Елгъэр 1983: 74].

14. ЗыщIэхъуэпс объект: *А* ***ныпым*** *зэхьэзэхуэхэр щIэхъуэпсырт.*

15. Зыпэплъэ, зыIэрагъэхьа объект: *Корей народ лъэщыр щIокъур* ***мамырыгъэм,*** *уэ хей унэр бгъэсу мафIэр щIыбогъэст* [КIыщокъуэ 1956: 244]; *Дэ* ***текIуэныгъэр*** *къыдохьыр, ГъащIэщIэ гъуэгум дрокIуэ* [КIыщокъуэ 2004: 35].

Хэгъэхъуэным и ситаксис къалэныр адыгэбзэм щагъэзащIэ:

1. ЩIыIэцIэхэмрэ цIэпапщIэхэмрэ: *Шэджагъуэ зыгъэпсэхугъуэм Софят* ***Мурид*** *бгъэдыхьэри дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу еупщIащ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 116]; *(Мусэ:) Абы щыгъуэ си* ***шыр*** *соутIыпщыж?* [Къашыргъэ 1957: 63]; *ХъумакIуэр* ***абыхэм*** *жэщи махуи къакIэлъоплъ*; *Къэрэжан хъыджэбзыпIэ зэриувэрэ и адэм* ***зыри*** *къыпиубыдыркъым*; ***Дунейр бжьакъуэкIэ*** *зэредзэ* [Нало З. 2008: 139].

2. ЦIэ хъуа псалъэ лъэпкъыгъуэхэм: плъыфэцIэхэм, бжыгъэцIэхэм, IуэхуцIэхэм: ***Жьым*** *щытхъуи* ***щIэр*** *къащтэ* [Псалъэжьыр… 1991: 52]; *Шу закъуэм зэшихым* ***зыр*** *яхиукIыкIащ* [Къашыргъэ 1957: 148]; *Якъуам* ***ямыкъуар*** *ехь* [Адыгэ IуэрыIуатэ 1999: 152].

3. Инфинитивым: *И* ***ежьэныр*** *къыхохъыжьэ* [Къэрмокъуэ 2007: 238]; *Дэ къэдгъэзэжыхукIэ унэри, хапIэри* ***пхъумэныр*** *уи пщэрылъщ!* [Дыгъужь 2011: 124].

4. МакъыщIэхэмрэ макъзэпыщIыжхэмрэ: ***«Урар»*** *псоми зэууэ зэхахащ; Уи* ***«уэхур»*** *сужэгъуащ; Гупсысэм здиIыгъым, Къасым мэдаIуэ. Дэтхэнэ* ***«цIырхъри»*** *и тхьэкIумэм жану къиубыду* [Мэзыхьэ 2003: 21].

5. Синтаксис зэхыхьэ лIэужьыгъуэхэм: IуэхуцIэ, IуэхудэкIуэ, инфинитив; цIэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зыхэт зэхыхьэхэм: ***Зэхьэзэхуэм зевгъэубгъуныр*** *зыIэрывгъэхьакъэ? – зэкIэлъегъэпIащIэ Ахъмэтым* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 74]; ***Къущхьэтхым ихьэу къыщыкIухьын*** *игу къихьащ Ерстэм* [КIэрашэ 1989: 135]; ***Кавалеристыр абы сотитхукIэ къызэрытекIуар*** *игу къеIэрт* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 96]; ***Ямылъэгъуа бланэ*** *къаукIыркъым* [Адыгэ псалъэжьхэр 2004: 94]; ***Гугъуехь зымышэчыр*** *лIым хабжэркъым* [Адыгэ псалъэжьхэр 2004: 101].

6. Фразеологизмэ е мыфразеологизмэ псалъэ зэпхахэм: *ГъущIыпсэ щIалэр* ***сэшхуэ гъэбзэкIэм, аркъэн дзыкIэм*** *хуегъасэ* [КIэрашэ 1989: 323]; *Инус мызэ-*

*мытIэу иIуэтэжащ абы щыгъуэ хьэрып гуэрым и фыз сымаджэр выфэ цIынэм кIуэцIидэу* ***жин фIыцIэр*** *фызым зэрыщхьэщихуар* [КIыщокъуэ 2005: 21]; ***Iэщэ зыIыгъыфыр*** *зауэм дгъэкIуащ* [КIыщокъуэ 2006: 84]; ***Бзум яхудупхъеин*** *ди гуэн илъыжкъым.*

Хэгъэхъуэныр лэжьыгъэцIэу къэкIуа гъэзэщIэным и закъуэкъым зи гъусэу къахьыр, атIэ плъыфэцIэхэми дащIыгъуфщ. Апхуэдэхэм деж хэгъэхъуэныр зыунэтI псалъэзешэм ит хабзэщ, ауэ зыхъуэжми щит щыIэщ: *Дэфэрэдж* ***шхынкIэ*** *IэкIуэлъакIуэт…* [КIыщокъуэ 2006: 112]; − *Сэ* ***псалъэкIэ*** *сыIэкIуэлъакIуэкъым,* − *жиIэрт абы* (*Астемыр*) [КIыщокъуэ 2005: 134]; ***ТхылъкIэ*** *Iэзэщ, счетоводу еджащ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 143]; *Бжьыхьэр* ***гъавэкIэ*** *жумартщ* [Адыгэ псалъэжьхэр 1967: 184].

И мыхьэнэмрэ зегъэкIуэныгъэ нэщэнэмрэ елъытауэ адыгэбзэм хэгъэхъуэныр псалъэзешиплIым языхэзу къокIуэр: цIэиIуэ, зыхъуэж, зыунэтI е зыхъуэж.

## Хэгъэхъуэныр цIэиIуэ псалъэзешэм иту къыщыкIуэр

Мыпхуэдэ хэгъэхъуэным хэгъэхъуэн занщIэкIи объект гъунэгъукIэ йоджэ. Абы къыдэкIуэу гу лъытапхъэщ «хэгъэхъуэн занщIэ» фIэщыгъэцIэр мыбдежым къызэрыхьар елъытауэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы адыгэ бзэщIэныгъэм хуабжьу зыщиубгъуащ. Ауэ, а псалъэ зэпхам къигъэлъагъуэ мыхьэнэр урысыбзэмрэ кавказыбзэхэмрэ, къапщтэмэ, адыгэбзэм, щызэхуэдэкъым, сыту жыпIэмэ хэгъэхъуэн занщIэр урысыбзэм винительнэ псалъэзешэкIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу, адыгэбзэмрэ абы и лъэпкъэгъу бзэхэмрэ – цIэиIуэ псалъэзешэкIэ.

Щхьэбэ лъэIэсхэр лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэным хэлъ Iуэхугъуэр зыхуэгъэза хэгъэхъуэныр цIэиIуэ псалъэзешэм йоувэр. Объект къагъэлъагъуэу лэжьыгъэр зыхуэгъэза хэгъэхъуэныр цIэиIуэ псалъэзешэми зыхъуэж псалъэзешэми щитым деж я мыхьэнэкIэ зэщхьщ: *Нанэ гузавэу Iэрпхъуэру Софят кIагуэ дытар къыщехри* ***хъыджэбзы-р*** *къеIэбэрэбыхь* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 152]; *Нанэ тэлайкIэ зыри жимыIэу щысщ.* ***Хъыджэбзы-м*** *и щхьэм Iэ делъэ, йодэхащIэ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 185]; *Луси и* ***пхъэIэщэ-м*** *тетIысхьэжащ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 88].

Iуэхугъуэр зытехуэ объектым нэмыщI, цIэиIуэ псалъэзешэм ит хэгъэхъуэным къигъэлъэгъуэфынущ логикэ илъэныкъуэкIэ субъекту щыт щхьэ е предмет. Апхуэдэ къалэн хэгъэхъуэным щигъэзащIэр псалъэухам и гъэзэщIэным хуэгъэуш лъабжьэгъусэ **-гъэ** щыхэтым дежщ: *ЕгъэджакIуэм* ***къыкIэрыхуа-хэ-р*** *къыщIи-гъэ-хьэжащ; Бысымым* ***хьэщIэ-хэ-р*** *ири-гъэ-жьэжащ.*

Хэгъэхъуэн занщIэр гъэзэщIэным синтаксис зэпыщIэкIэ тIуащIэкIэ епхащ: гъэзэщIэну къэкIуа лэжьыгъэцIэ лъэIэсым хэгъэхъуэныр цIэиIуэ псалъэзешэ гъэпсыкIэм ирегъэувэ; абы дэщIыгъуу гъэзэщIэныр хэгъэхъуэным щхьэкIэ, бжыгъэкIэ йокIу.

Зыхъуэж псалъэзешэм ит хэгъэхъуэнхэм къащхьэщыкIыу, къызэрыгуэкI псалъэуха къызэрыкIуэм зы хэгъэхъуэн занщIэщ хэтыфынур. А хэгъэхъуэныр гъэзэщIэным апхуэдизкIэ быдэу епхащи, псалъэпкъ къабзэу куэдрэ бзэм къыщокIуэ: *гуэдз къехыж; удз пеупщI; мыIэрысэ къыпекIыж; уэрэд жеIэ* н.къ.

Бзэм ущрохьэлIэ цIэиIуэ псалъэзешэм иту цIэ зэмылъэпкъэгъуитI псалъэуха къызэрыкIуэм щыхэт. Ауэ ар ищхьэмкIэ щыжытIIам, къызэрыгуэкI псалъэуха къызэрыкIуэм зы хэгъэхъуэн занщIэ фIэкIа зэрыхэмытыфынум, зыкIи пэщIэуэкъым, сыту жыпIэмэ а цIэхэм ящыщ зыр сытым дежи гъэзэщIэн зэхэтым и Iыхьэу щытщ. Апхуэдэ гъэзэщIэным и дэIэпыкъуэгъу Iыхьэу къокIуэ **щIын** гуэдзэ лэжьыгъэцIэр. ЦIэмрэ лэжьыгъэцIэ гуэдзэмрэ объект-гъэзэщIакIуэ зэхущытыкIэхэр яфIокIуэдри, апхуэдэ зэхэлъыкIэхэм зы мыхьэнэ къагъэлъагъуэу щытщ: *ЩIалэм* ***ахъшэр былым ищIащ***. Мы щапхъэм *былым ищIащ* псалъэ зэпхар гъэзэщIэн мэхъу. *ПхъащIэм* ***пхъэбгъур бжэ ищIащ***. ЦIэиIуэ псалъэзешэм иту къэкIуа *пхъэбгъу* цIэмрэ *ищIащ* лэжьыгъэцIэмрэ гъэзэщIэну хоувэр.

## Хэгъэхъуэныр зыхъуэж псалъэзешэм иту къыщыкIуэр

ЦIэиIуэ псалъэзешэм ит хэгъэхъуэным къыщхьэщыкIыу, зыхъуэж псалъэзешэм иту хэгъэхъуэныр щхьэбэ лъэжьыгъэцIэ лъэIэсым имызакъуэу щхьэбэ лъэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэми ящIыгъущ. Абы щыгъуэми лэжьыгъэцIэ лIэужьыгъуитIми хэтщ е щIыпIэ, е мыблагъэ зэхущытыкIэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэпэ. Псалъэ лъэпкъыгъуэхэмрэ предмет мыхьэнэ зиIэ зэхэлъыкIэхэмрэ хэгъэхъуэныр лъабжьэгъусэ **-м**-кIэ къыщыгъэлъэгъуащ, зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэм – лъабжьэпэ – **бы**-кIэ: *Ар* (*Джырандыкъуэ*) ***щIалэ-м*** *нэбгъузкIэ еплъащ* [МафIэдз 1992: 282]; *Бажэр* ***етIуанэ-м*** *еупщIащ* [Адыгэ IуэрыIуатэ 1999: 142]; *Жангулэз* ***а-бы*** *ебзэджэкIащ* [МафIэдз 1992: 334].

Зыхъуэж псалъэзешэм ит хэгъэхъуэным къигъэлъагъуэ мыхьэнэ плъыфэхэр къыщыпщытэкIэ, IуэхугъуитIым къытеувыIапхъэщ: а) хэгъэхъуэным лэжьыгъэцIэм хэлъ логикэ илъэныкъуэкIэ субъект къигъэлъагъуэу, Iуэхугъуэр игъэзэщIэным къыхураджэу логикэкIэ субъект къызэригъэлъагъуэм; 2) зыхъуэж хэгъэхъуэным зыунэтI псалъэзешэм и къалэн зэригъэзащIэм.

Япэ Iуэхугъуэм ехьэлIауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ зыхъуэж хэгъэхъуэным лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэным хэлъ Iуэхугъуэр игъэзэщIэну къыхураджэ логикэкIэ субъект къызэригъэлъэгъуэфыр. Апхуэдэ къалэн хэгъэхъуэным щегъэзащIэ хуэгъэуш лъэбжьэгъусэ **-гъэ** зи гъэзэщIэным пыту къэкIуа псалъэухахэм: *ЕгъэджакIуэ-м* ***еджакIуэхэ-м*** *диктант яре-****гъэ****-тх; ЛIыжьы-м* ***щIалэ-м*** *пхъэ ири-****гъэ****-къутащ.*

ЛэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытекIа лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэн лъэIэсым субъект дыдэмрэ объектымрэ щызэригъакIуэкIэ, объектыр цIэиIуэ псалъэзешэ гъэпсыкIэм иригъэувэн хуейт. Ауэ апхуэдэ псалъэухахэм объектым игъуэтыр зыхъуэж гъэпсыкIэщ: *Адэ-****м и къуэ-м*** *хьэсэр ири-гъэ-пщIащ*. ЛэжьыгъэцIэм **гъэ-/ гъа-** хуэгъэуш лъэбжьэгъусэ щыхэтым деж лэжьыгъэцIэм и щхьэ бжыгъэр зыкIэ хохъуэр. Абы щыгъуэми, хуэгъэуш лэжьыгъэцIэ лъэIэсыр лъэIэсу къонэж, ауэ хуэгъэуш лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсыр лъэIэс мэхъу. Абы къыхэкIкIэ, хуэзыгъэуш щхьэр япэ Iуэхугъуэми етIуанэми зыхъуэж псалъэзешэм ит субъект дыдэщ. ЦIэр, Iуэхугъуэр зыгъэзащIэр, зэм (лъэжьыгъэцIэ лъэмыIэсыр хуэгъэуш лэжьыгъэцIэ лъэIэс щыхъум) объект занщIэщ: *ЕгъэджакIуэ-****м еджакIуэ-р*** *усэ къригъэджащ*; адрейм щыгъуэ (лэжьыгъэцIэ лъэIэсым хуэгъэуш лъабжьэгъусэ **гъэ-/гъа-** щыпыувэм) объект мыблагъэщ: *ЛIыжьы-****м щIалэ-м*** *пхъэ иригъэкъутащ*. Абы къыхэкIыу нэхъыщхьэу щытыр Iуэхугъуэр зылэжь субъект дыдэмрэ объектымрэ лэжьыгъэцIэм зэрызэригъакIуэрщ: псалъэуха лIэужьыгъуитIми субъект дыдэр щызезыгъакIуэр хуэгъэуш лэжьыгъэцIэрщ. А лэжьыгъэцIэм, дапхуэдэу мыхъуами лъэIэсу къэнэжым, субъектыр зыхъуэж псалъэзешэм итын хуейуэ къегъэувыр. Мыпхуэдэ зэхэлъыкIэхэм объектыр къежьапIэ лэжьыгъэцIэм щызэрегъакIуэ: къежьапIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым объектыр, Iуэхугъуэр зылэжьыр, зыхъуэж гъэпсыкIэм ирегъэувэ, къежьапIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым – цIэиIуэ псалъэзешэ гъэпсыкIэм.

Логикэ илъэныкъуэкIэ субъекту щытыр, н.ж. цIэр, хуэгъэуш лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэн зыхэт псалъэухахэм Iуэхугъуэр зылэжьыр, иныкъуэхэм къызэралъытэм хуэдэу, етIуанэ гъэзэщIакIуэу щытыфынукъым: лъабжьэпэ **гъэ-** зыпыт лэжьыгъэцIэхэми, ар зыпымыт лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми щхьэ лъабжьэпэу тIущ яIэр: зым субъект къегъэлъагъуэр, адрейм – объект. Ар щыхьэт тохъуэ хуэгъэуш лэжьыгъэцIэ-гъэзэщIэным зы грамматикэ гъэзэщIакIуэ фIэкIа зэримыIэм.

Зыхъуэж хэгъэхъуэным зыунэтI псалъэзешэм и къалэныр зэригъэзэщIэфынум и гъугъу пщIымэ, абыи, зыунэтI псалъэзешэм ит хэгъэхъуэным хуэдэу, зэралэжьэ е зэрызекIуэ Iэмэпсымэ мыхьэнэ иIэщ. Абы щыгъуэм гъэзэщIэным **р(и)-** лъабжьэпэ хэувэ хабзэщ: *Дэшхуейуэ си пхъэ* ***вакъитIы-м*** *сыны-р-окIуэр, сыны-р-оплъэр* [Адыгэ IуэрыIуатэ 1999: 286]; *Хьэсэн* ***шыгу-м*** *къалэм и-ри-кIуащ*; ***Джыдэ-м*** *пхъэ*

*и-р-ыдокъутэр*; – *Сыт нэхъ зэлэжьу щытар фи щIалэр? – хуэмышыIэжу пIейтей хъуауэ щIоупщIэ Мурид. –* ***Тракторы-м*** *и-ри-лажьэрт* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 159].

## Хэгъэхъуэныр зыунэтI псалъэзешэм иту къыщыкIуэр

ЗыунэтI псалъэзешэм ит хэгъэхъуэныр адыгэбзэ псалъэухам лэжьыгъэцIэгъэзэщIэн лъэIэсми лъэмыIэсми и гъусэу къыщахь. Мы гъэпсыкIэр къагъэлъагъуэ **-кIэ/-мкIэ** лъабжьэгъусэхэм.

ЗыунэтI хэгъэхъуэным, ипэкIэ зи гугъу тщIам хуэдэу, лэжьыгъэр зытехуэ предмет къигъэлъэгъуэфынущ, ауэ абы и къалэн нэхъыщхьэр Iуэхугъуэр зэралэжь Iэмэпсымэр къэгъэлъэгъуэнырщ. Абы къыхэкIкIэ зыунэтI псалъэзешэм ит хэгъэхъуэным адыгэ бзэщIэныгъэм куэдрэ Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнкIэ щоджэр: *Унэхэр ящIт, пхъащIэхэт, бжэ-щхьэгъубжэхэр хагъэувэт, хьэкухэр зэтралъхьэт, щIыунэхэр къатIти* ***мывэ-кIэ*** *кърaщIыкIыжт* [Дыгъужь 1983: 160.]; *Гуэщэнэ и* ***нэшхуитIы-мкIэ*** *зэлъыIухауэ къеплъащ абы* [КIэрэф 2009: 112]; *ЩIащIэн ямыгъуэту, езыхэр* ***жэм-кIэ*** *мавэ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 161]; *ГушыIэкIэ зымыщIэр* ***IэштIым-кIэ*** *мауэ* [Адыгэ псалъэжьхэр 2004: 65].

Iэмэпсымэ мыхьэнэ яIэу зыхъуэж, зыунэтI псалъэзешэхэм ит хэгъэхъуэнхэм псалъэухам къыщагъэлъагъуэ мыхьэнэхэр зэщхьщ: *Хъыджэбзыр* ***машинэ-м*** *и-****р****-одэр – Хъыджэбзыз* ***машинэ-кIэ*** *мадэр.* Ауэ мы псалъэухахэм хэт гъэзэщIэнхэм и зэхэлъыкIэр зэхуэдэкъым. Зыхъуэж псалъэзешэм ит Iэмэпсымэ хэгъэхъуэным къегъэув езым и лъабжьэгъусэ **-р** гъэзэщIэным хэтын хуейуэ. ЗыунэтI псалъэзешэм ит Iэмэпсымэ хэгъэхъуэным и гъэзэщIэным **-р** лъабжьэгъусэ хэткъым. ГъэзэщIэнымрэ Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнымрэ яку дэлъыр зы зэпыщIэныгъэщ – зегъэкIуэныгъэщ.

Зыхъуэж псалъэзешэм ит Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнхэр зыхэт зэхэлъыкIэ псалъэухахэр я зэхэлъыкIэкIэ нэхъыжьщ **-кIэ/-мкIэ** Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнхэр зыхэт псалъэухахэм нэхърэ. Зыхъуэж псалъэзешэр Iэмэпсымэ хэгъэхъуэным и гъэпсыкIэ нэхъыщхьэу адыгэбзэм щыщыта лъэхъэнэм гъэзэщIэныр абы тегъэпсыхьауэ щытащ. Абы къыщымынэу, ар а зэманым Iуэхугъуэр зыгъэзащIэу, субъекту къащыхъурт. АбыкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу гъэзэщIэныр пасэм грамматикэ классым и нэщэнэу щыта лъабжьэгъусэ **-р**-кIэ екIуу щIыщытар. Зыхъуэж псалъэзешэм ит Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнхэм я гъэпсыкIэр нэхъ иужьыIуэкIэ бзэм къыщыхъуа синтаксис Iуэхугъуэщ. Абы ирихьэлIэу синтаксис зэхущытыкIэхэр къызэрагъэлъагъуэ Iэмалхэми захъуэжащ. Псалъэухам хэт пкъыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр щхьэ гъэпсыкIэкIэ къэгъэлъэгъуа хъууэ щIидзащ. А Iуэхугъуэр Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнхэми ялъэIэсащ, абыхэм субъект плъыфэхэр яфIэкIуэдащ. Iэмэпсымэр иджы дэIэпыкъуэгъу Iэмалу, субъектым Iуэхугъуэр зэригъэзащIэ предмету ябж хъуащ. Абыхэм къыхэкIыу Iэмэпсымэ хэгъэхъуэнымрэ гъэзэщIэнымрэ я зэхущытыкIэхэм захъуэжащ: гъэзэщIэнымрэ хэгъэхъуэнымрэ яку дэлъа зэкIуныгъэ тIуащIэр кIуэдыжащ, Iэмэпсымэ хэгъэхъуэныр къигъэлъагъуэу гъэзэщIэным хэта лъабжьэгъусэ **-р**-ри хэхуащ.

Зыхъуэж псалъэзешэм ит Iэмэпсымэ хэгъэхъуэным Iуэхугъуэр зэралэжь Iэмэпсымэм имызакъуэу, Iуэхугъуэр зылъэIэс, зытехуэ предмет е къэхъукъащIэ къегъэлъагъуэ: *Ирауд* ***бэнэн-кIэ*** *зигъэнщIыркъым* [Псалъэжьыр… 1991: 74]; *Хуэмыхур* ***Iэмал-кIэ*** *Iэзэщ* [Адыгэ псалъэжьхэр 1967: 92]; – *Хьэуэ, – жиIащ Софят, –* ***вагъэ-кIэ*** *куэду IэкIуэлъакIуэщ* [ЩоджэнцIыкIу I. 1962: 56]. Iэмэпсымэ хэгъэхъуэн зыхэт псалъэухахэми хуэдэу, мы щапхъэхэм къапэхъуу щыIэщ зи хэгъэхъуэныр зыхъуэж псалъэзешэ гъэпсыкIэм ит псалъэухахэр. Мыпхуэдэ псалъэухахэм хэт гъэзэщIэным **хуэ-, щ-** н.къ. превербхэм хуэдэхэр дапщэщи хэтщ. Егъапщэт: *Ирауд* ***бэнэны-м*** *зы-****щ****-игъэнщIкъым; Хуэмыхур* ***Iэмалы-м*** ***хуэ****-Iэзэщ;* ***Вагъэ-м*** *куэду* ***хуэ****-IэкIуэлъакIуэщ.* Мы псалъэухахэр зэщкъым хэгъэхъуэнымрэ гъэзэщIэнымрэ я зэхущытыкIэхэр къызэрыгъэлъэгъуамкIи, гъэпсыкIитIым я мыхьэнэкIи.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зыхъуэж псалъэзешэм ит хэгъэхъуэным къегъэув Iэмал имыIэу гъэзэщIэным **хуэ-, щ-,** н.къ. Iыхьэхэр хэтын хуейуэ. ГъэзэщIэным а Iыхьэхэр и гъусэу къэбгъэсэбэпыфынукъым хэгъэхъуэныр псалъэухам щимыгъусэмэ. Хэгъэхъуэныр зыунэтI псалъэзешэм иту къакIуэ синтаксис гъэпсыкIэхэм гъэзэщIэным преверб хэха щыпыувэркъым, абы къыхэкIыу псалъэухам хэгъэхъуэныр хэмытми мэхъу. Ауэ апхуэдэ псалъэухахэм я мыхьэнэм зехъуэж: *Ирауд бэнэнкIэ зигъэнщIыркъым – Ирауд зигъэнщIыркъым.* ПсалъэухаищIэр мыхьэнэкIэ адрейм фIыуэ къыщхьэщокI: «ираудым» «зэрызимыгъэнщIыр» сыткIэми гурыIуэгъуэкъым.

Абы къыщынэмыщIауэ, зыунэтI псалъэзешэм ит хэгъэхъуэн зыхэт псалъэухахэм я мыхьэнэ, стиль илъэныкъуэкIэ нэхъ нейтралщ, хэгъэхъуэным **-м** пыту зыхэт зэхэлъыкIэхэм елъытауэ. ЕтIуанэ гъэпсыкIэ лIэужьыгъуэм Iуэхугъуэр зыгъэзащIэмрэ Iуэхугъуэр зытехуэмрэ нэхъ зэпыщIэныгъэ быдэ щаIэщ. Адыгэбзэм, псом хуэмыдэу IуэрыIуатэм, художественнэ тхыгъэхэм я бзэхэм, хэгъэхъуэныр зыунэтI псалъэзешэм иту къыщыкIуэ гъэпсыкIэхэр нэхъ къыщагъэсэбэп, хэгъэхъуэныр зыхъуэж псалъэзешэм щит псалъэухахэм нэхърэ.

Хэгъэхъуэныр зыунэтI псалъэзешэм щитым деж, абыхэм яIэ нэгъуэщI щхьэхуэныгъэщ езыхэр грамматикэ хэгъэхъуэну къанэу, логикэ илъэныкъуэкIэ субъектым и щхьэр къызэрагъэлъэгъуэфыр. Ар щыболъагъу зыгъэзэж гъэпсыкIэ зиIэ псалъэухахэм: *Темыр щIакъуэ кърихьэпс* ***дыгъэ-кIэ*** *Iуащхьэмахуэ уэсыр текIынкъым* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 46]; *Хунэмысхэм я хьэдагъэр* ***бейм я деж-кIэ*** *дыхьэшхэнщ* [ЩоджэнцIыкIу А. 2000: 99]; *Абджыр* ***уэр-кIэ*** *лъэщIа хъунукъым.*

## Хэгъэхъуэныр зэрыхъу псалъэзешэм иту къыщыкIуэр

Зэрыхъу хэгъэхъуэным **-у/-уэ** псалъэзешэ гъэпсыкIэ иIэщ. ГъэзэщIэным згъэкIуэныгъэкIэ епхащ. Зэрыхъу псалъэзешэм ит хэгъэхъуэныр щыт хабзэщ щыIэцIэу е цIэпапщIэу. Хэгъэхъуэным зэрыхъу псалъэзешэм щитым къегъэлагъуэ IэщIагъэ, IэнатIэ: (*Аслъэныкъуэ:*) *Къурдэныр дяпэкIэ колхоз* ***председател-у*** *лажьэ мыхъужыну сэ къызолъытэ* [Къэрмокъуэ 2004: 161]; *Абы* ***хъумакIуэ-у*** *ТIытIу тест* [ШэджыхьэщIэ 1987: 298]; *Махачкала* ***дохутыр-у*** *щоджэ* [ШэджыхьэщIэ 1987: 194]; *Нэгъабэ районым и* ***глава-уэ*** *хахащ*; ***Хэту*** *укъыщIигъэкIыну еджапIэм?*

**-У/-уэ** зыпыт хэгъэхъуэным предметыр зищIыс хъу, зищIысу ящI хэгъэщхьэхукIыныгъэ мыхьэнэ иIэщ: *Адыгэхэм хъурыфыхэр* ***джэдыгу-у*** *ядырт, Iэфэм гуэншэрыкъ къыхащIыкIырт; Гуэдз хьэсэ пхырхэр* ***щэдж-у*** *зытралъхьэрт; Дэрбзэрым щэкIыр* ***бостей-уэ*** *идащ.*

Мы гупым хэбгъэхьэ хъунущ мыпхуэдэ псалъэуха лIэужьыгъуэхэр: *Си лэжьапщIэм и ныкъуэр* ***гъавэ-у*** *къеIысхащ; Зыбгъэджэду* ***хьэжы-уэ*** *къысфIощI.*

Лъабжьэужь **-у/-уэ** зыпыт глаголыр е цIэр Iыхьэ нэхъыщхьэу зыхэт псалъэ зэпхахэр псалъэухам хэгъэхъуэну къыщокIуэ. Ар щыт хабзэщ жьабзэ зэдзэкIауэ: *Сэ* ***еджапIэр хыфIомыдзэн-у*** *бжесати*; ***Нартхэр Сэтэней гуащэ еупщIын хуей-уэ*** *яжриIащ Тхьэгъэлэдж*; *ЕджакIуэхэр зэгурыIуащ* ***лIыжь-фызыжьхэм фIыуэ дэIэпыкъун-у***.

Ди къэхутэныгъэм кърикIуахэр къызэщIэпкъуэжмэ, нэрылъагъу мэхъу хэгъэхъуэныр адыгэбзэ псалъэухам и пкъыгъуэ етIуанэу зэрыщытыр, абы гъэзэщIэным хэлъ лэжьыгъэр зытехуэ предметыр, щхьэр е лэжьыгъэр зралэжьэкI, зралэжь предмет къызэригъэлъагъуэр. Хэгъэхъуэныр гъэзэщIэным и гупым хохьэр, зэдэхуIурыщIэныгъэ синтаксис зэпхыкIэкIэ абы епхауэ щытщ. Псалъэухам абыхэм яку дэлъщ объектнэ зэхущытыкIэ. ЛэжьыгъэцIэ гъэзэщIэну къэкIуам и мыхьэнэм елъытауэ (хьэлым игъэбелджылым), адыгэбзэм хэгъэхъуэным и мыхьэнэм плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэфынущ.

ТегъэщIапIэ тщIа литературэр

1. Адыгэ псалъэжьхэр. ЕтIуанэ тхылъ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1967. 252 н. (Кабардинские пословицы и поговорки. Кн. II. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1967. 252 с.).

2. Адыгэ псалъэжьхэр. Налшык: Эльбрус, 2004. 152 н. (Кабардинские пословицы. Нальчик: Эльбрус, 2004. 152 с.).

3. Адыгэ IуэрыIуатэ. Налшык: Эльбрус, 1999. 400 н. (Адыгское устное народное творчество. Нальчик: Эльбрус, 1999. 400 с.).

4. *Борукаев Т.М.* Грамматика кабардино-черкесского языка Нальчик, 1932. 140 с.

5. Грамматика кабардино-черкесского литературного языка. М.: АН СССР, КБНИИ, 1957. 240 с.

6. *Дыгъужь Къу.* ЩIымахуэ лэгъупыкъу Черкесск: Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и къэрал тхылъ тедзапIэ, 2011. 176 н. (*Дугужев К.* Зимняя радуга. Черкесск: РГУ Карачаево-Черкесское республиканское книжное идательство, 2011. 176 с.).

7. *Дзасежев Х.Э.* Иджырей къэбэрдей-черкесыбзэ (синтаксис). Черкесск, 1969. 155 н. (Современный кабардино-черкесский язык (синтаксис). Черкесск, 1969. 155 с.).

8. *Елгъэр К.* Лъэужьхэр. Повестхэмрэ рассказхэмрэ. Налшык: Эльбрус, 1983. 436 н. (*Эльгаров К.* Следы: Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 1983. 436 с.).

9. *Елгъэр К. Ухеймэ – улъэщщ. Повестхэр.* Налшык: Эльбрус, 1976. 348 н. (*Эльгаров К.* Тот силен – кто прав. Повести. Нальчик: Эльбрус, 1976. 348 с.).

10. *Камбачоков А.М.* Проблемы простого предложения в кабардино-черкесском языке. Нальчик: Эль-Фа, 1997. 235 с.

11. *КIэрашэ Т.* Шу закъуэ. Налшык: Эльбрус, 1989. н. 432. (*Керашев Т.* Одинокий всадник. Нальчик: Эльбрус, 1989. 432 с.).

12. *КIэрэф М.* Лъэужь е лIэужь. Повестхэр. Налшык: Эльбрус, 2009. н. 572. (*Керефов М.* Оставить след. Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2009. 572 с.).

13. *КIыщокъуэ А.* Лъапсэ. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. V том. Налшык: Эльбрус, 2006. 552 н. (*Кешоков А.* Корни // Собр. соч. в 6 т. Т. V. Нальчик: Эльбрус, 2006. 552 с.).

14. *КIыщокъуэ А.* Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Налшык: Къэбэрдей тхылъ тедзапIэ, 1956. н. 543. (*Кешоков А.П.* Стихи и поэмы. Нальчик: Кабардинское кн. изд-во, 1956. 543 с.).

15. *КIыщокъуэ А.* Усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. I том. Налшык: Эльбрус, 2004. 512 н. (*Кешоков А.* Стихотворения и поэмы // Собр. соч. в 6 т. Т. I. Нальчик: Эльбрус, 2005. 512 с.).

16. *КIыщокъуэ А.* Хъуэпсэгъуэ нур. Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. II том. Налшык: Эльбрус, 2005. 488 н. (*Кешоков А.* Чудесное мгновение // Собр. соч. в 6 т. Т. II. Нальчик: Эльбрус, 2005. 488 с.).

17. *Къаширгъэ Хь.* Насыпым и хэкIыпIэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1957. 309 н. (*Каширгов Х.* Источник счастья. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1957. 309 с.).

18. *Къэрмокъуэ М.* Пшапэ зэхэуэгъуэ. Повестхэр, рассказхэр. Налшык: Эльбрус, 2007. 264 н. (*Кармоков М.* Сумерки. Повести и рассказы. Нальчик: Эльбрус, 2007. 264 с.).

19. *Къэрмокъуэ М.* Щихухэр иджыри мэкI. Ещанэ тхылъ. Налшык: Эль-фа, 2004. 320 н. (*Кармоков М.* А тополя еще растут. Т. 3. Нальчик: Эль-Фа, 2004. 320 с.).

20. *МафIэдз С.* Гъыбзэ хуэфащэт: роман. Налшык: Эльбрус, 1992. 448 н. (*Мафедзев С.* Достойны печальной песни: роман. Нальчик: Эльбрус, 1992. 448 с.).

21. *Мэзыхьэ Б.* Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ: ГушыIэхэмрэ ауанымрэ. Налшык: Эльбрус, 2003. 216 н. (*Мазихов Б.* Одна ночь и вся жизнь: рассказы, повесть. Нальчик: Эльбрус, 2003. 216 с.).

22. *Нало З.* Адыгэ псалъэгъэпсахэр. Налшык: Эльбрус, 2008. 240 н. (*Налоев З.* Адыгская паремиология. Нальчик: Эльбрус, 2008. 240 с.).

23. Нартхэр. Къэбэрдей эпос. Налшык: Эль-Фа; Ашэмэз, 1995. 559 н. (Нарты. Кабардинский эпос. Нальчик: Эль-Фа; Ашамез, 1995. 559 с.).

24. *Ногма Ш.Б.* Филологические труды. Нальчик: КБНИИ, 1959. Т. 2. 199 с.

25. Псалъэжьыр бзэм и дамэщ. Налшык: Нарт, 1991. 208 н. (Пословицы в языке художественной литературы. Нальчик: Нарт, 1991. 208 с.).

26. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Синтаксис, пунктуацэ. Налшык: Эльбрус, 1994. 360 с. (*Урусов Х.Ш.* Кабардинская грамматика. Синтаксис, пунктуация. Нальчик: Эльбрус, 1994. 213 с.).

27. *ШэджыхьэщIэ Хь.* Тэрч щыхьэтщ. Налшык: Эльбрус, 1987. 392 н. (*Шекихачев Х.* Терек свидетель. Нальчик: Эльбрус, 1987. 392 с.).

28. *ЩоджэнцIыкIу А.* Тхыгъэхэр. Налшык: Эльбрус, 2000. 432 н. (*Шогенцуков А.А.* Избранные произведения. Нальчик: Эльбрус, 2000. 432 с.).

29. *ЩоджэнцIыкIу I.* Софят и гъатхэ. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1962. 232 н. (*Шогенцуков А.О.* Весна Софият. Нальчик: Кабардино-Балкарское кн. изд-во, 1962. 232 с.).

30. *Яковлев Н.Ф.* Грамматика кабардино-черкесского литературного языка. М.; Л., 1948. 372 с.

## ДОПОЛНЕНИЕ КАК ОДИН ИЗ ВТОРОСТЕПЕННЫХ ЧЛЕНОВ ПРЕДЛОЖЕНИЯ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Жилетежев Хажисмель Чиляниевич**, orcid.org/0000-0002-6040-9524, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка, Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (Нальчик, Россия), hazismel@mail.ru

В статье рассматриваются разновидности и особенности употребления дополнений в кабардино-черкесском языке. В работе использовался комплекс взаимодополняющих методов исследования: методы теоретического анализа литературы по исследуемой проблеме; методы изучения, обобщения и анализа опыта существующих результатов исследования другими авторами. В качестве материала для анализа и выборки примеров использовались произведения современных адыгских писателей и фольклора. В ходе исследования установлено, что в зависимости от семантического значения глагольного сказуемого дополнение в кабардино-черкесском языке может иметь около 15 оттенков значения. Замечено, что синтаксическую позицию дополнения могут занимать имена существительные, местоимения, субстантивированные части речи (прилагательные, числительные, причастия), инфинитив, междометия и звукоподражательные слова, различные обороты (причастный, инфинитивный, деепричастный), нефразеологизированные и фразеологизированные словосочетания. Впервые в научный оборот вводятся большее количество лингвистических терминов на кабардино-черкесском языке.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, дополнение, второстепенный член предложение, части речи, синтаксическая функция, падежная форма.

## THE COMPLEMENT AS ONE OF THE MINOR MEMBERS OF THE SENTENCE IN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Zhiletezhev Khazhismel Chilyanievich**, orcid.org/0000-0002-6040-9524 candidate of Philological Sciences, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector, Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (Nalchik, Russia), hazismel@mail.ru

The article discusses the varieties and features of the use of supplements in the Kabardino-Circassian language. A set of complementary research methods was used in the work: methods of theoretical analysis of the literature on the problem under study; methods of studying, generalizing and analyzing the experience of existing research results by other authors. The works of modern Adyghe writers and folklore were used as material for the analysis and sampling of examples. The study found that, depending on the semantic meaning of the verb predicate, the complement in the Kabardino-Circassian language can have about 15 shades of meaning. It is noted that the syntactic position of the complement can be occupied by nouns, pronouns, substantive parts of speech (adjectives, numerals, participles), infinitive, interjections and onomatopoeic words,

various turns (participial, infinitive, adverbial), non-phraseologized and phraseologized phrases. For the first time, a greater number of linguistic terms in the Kabardino-Circassian language are being introduced into scientific circulation.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, complement, minor member of the sentence, parts of speech, syntactic function, case form.

DOI: 10.31007/2306-5826-2021-2-49-58-66